STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 9 fevriye 2015

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI ADISYONÈL POU DIMINYE SOU KONTREVENAN TAKS YO KI ENKLI NAN BIDJÈ A

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te montre nouvo refòm nan Bidjè Egzekitif la pou diminye anplis sou kontrevenan taks yo epi rekipere revni lejitim ke yo dwe Eta. Refòm sa yo gen ladan diminye limit pou sispann lisans yon chofè ki dwe de $10,000 a $5,000.

“Moun yo ki neglije pou obeyi nan menm règleman sa yo tankou tout moun ki mete yon fado enjistifye sou kontribyab kap travay di yo, ki respekte lalwa,”Gouvènè Cuomo te deklare. “Refòm sa yo voye yon mesaj senp swa peye taks yo dwe a, oswa sibi konsekans reyèl yo.”

Gouvènè a te avanse lwa aktyèl la nan ane 2013. Depi li te antre anvigè nan jiyè 2013, yo te kolekte plis pase $125 milyon pou preske 14,000 kontribyab delenkan ki te satisfè dèt yo nan fason pou yo ka rejwenn privilèj kondwi yo.

Diminye limit la ta afekte 11,000 kontribyab delenkan adisyonèl. Kòm yon rezilta, yo pral kolekte $9 milyon adisyonèl nan revni pou ane fiskal 2015-16 ak $3 milyon chak ane apresa.

Bidjè a gen ladan tou pwovizyon pou mande aplikan yo pou yo satisfè obligasyon taks yo nan fason pou:

- Resevwa oswa renouvle pèmi oswa lisans biznis sèten pwofesyonèl;

-Jwenn travay kòm yon nouvo aplikan nan yon ajans Eta oswa authority;

-Jwenn asirans pou erè medikal anplis ke Eta te sibvansyone antanke doktè oswa dantis ki kalifye; e

-Chèche sibvansyon Eta nan men otorite lokal oswa Eta.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride